



©AttendanceWorks

Ede pitit ou reyisi nan lekòl matènèl ak preskolè Bati bon jan abitud sou prezans

ÈSKE OU TE KONNEN...

Parèt chak jou alè enpòtan nan reyisit timoun nan epi aprantisaj pi devan nan preskolè.

Rate 10% jou lekòl (youn oswa de jou chak de-twa semèn) ka fè li pi difisil pou::

- Gen konpetans bonè nan lekti ak matematik
- Bati relasyon ak zanmi
- Devlope bon abitud prezansyèl

Lekòl matènèl ak preskolè bon jan kalite gen anpil avantaj !

- Woutin pitit ou devlope ak kontinye pandan tout pakou eskolè li.
- Pwofite premye ane yo nan ankouraje pitit ou a ale lekòl chak jou.

KISA OU KA FÈ

Travay ak pitit ou a epi pwofesè li pou devlope bon jan abitud prezansyèl ak pitit ou.

Pale de sa – chante l – fè l tounen yon avanti!

- Mete yon lè pou timoun lan al domi ak leve le matin.
- Tou prepare rad li ak pare sak lekòl lan lavèy.
- Pataje lide ak lòt paran yo pou soti nan pòt lan a lè.

Avan ane eskolè a kòmanse

- Chèche konnen ki lè k ap premye jou lekòl epi kòmanse konte jou yo!
- Kenbe pitit ou an sante epi asire w pitit ou gen vaksen nesesè yo.
- Patisipe nan oryantasyon ak pitit ou pou rankontre ak pwofesè epi kamarad lekòl yo epi rive konnen fòmalitye nan zafè sante ak sekirite ki genyen sou plas.

Nou pare, ann ale!

- Si ou enkyete pou pitit ou ka gen yon maladi kontajye, rele lekòl ou pou mande konsèy. Mande resous pou kontinye aprantisaj la lakay ou si li nesesè.
- Mande fanmi oswa vwazen pou ede w si ou ta bezwen èd pou mennen oswa al chèche pitit ou a.
- Mete randevou medikal epi gwo vakans lè lekòl preskolè fèmen [vakans].
- Si pitit ou a parèt enkyete pou li ale nan lekòl preskolè li, pale ak direktè a, pwofesè a, doktè w oswa lòt paran pou konsèy.
- Si ou sispèk pitit ou a kapab gen covid-19, rele lekòl la pou konsèy.

Revize nan mwa Jen 2024.



Vizite Attendance Works at www.attendanceworks.org pou telechaje resous ak zouti gratis!